


**PWOJÈ PLANIFIKASYON AK ASISTANS  
POU ANKOURAJMAN POU TRAVAY  
(WORK INCENTIVE PLANNING AND  
ASSISTANCE, WIPA)**

<p><b>Abilities, Inc. of Florida</b> 2735 Whitney Road Clearwater, FL 33760 727-538-7370, ext. 365 www.abilitiesfoundation.com</p>	<p>Citrus, DeSoto, Hardee, Hernando, Highlands, Hillsborough, Levy, Manatee, Pasco, Pinellas, Polk, Sarasota, and Sumter</p>
<p><b>Brevard Achievement Center</b> 1845 Cogswell Street Rockledge, FL 32955 321-632-8610 www.bacbrevard.com</p>	<p>Brevard, Flagler, Indian River, Lake, Martin, Okeechobee, Orange, Osceola, Palm Beach, Putnam, Seminole, St. Lucie, and Volusia</p>
<p><b>Center for Independent Living— Central FL</b> 720 N. Denning Dr. Winter Park, FL 32789 407-632-1070 http://www.cilorlando.org</p>	<p>Broward, Charlotte, Collier, Glades, Hendry, Lee, Miami- Dade, and Monroe</p>
<p><b>Goodwill Industries of North Florida, Inc.</b> 4527 Lenox Ave. Jacksonville, FL 32205 904-384-1361 www.goodwilljax.org</p>	<p>Alachua, Bay, Bradford, Calhoun, Columbia, Dixie, Escambia, Franklin, Gilchrist, Gulf, Holmes, Lafayette, Liberty, Marion, Okaloosa, Santa Rosa, Suwannee, Taylor, Union, Walton, and Washington</p>
<p><b>Opportunity Development, Inc. (ILRC)</b> 2709 Art Museum Dr. Jacksonville, FL 32207 904-399-8484 www.theilrc.com</p>	<p>Baker, Clay, Duval, Gadsden, Hamilton, Jackson, Jefferson, Leon, Madison, Nassau, Wakulla, and St. Johns</p>

**N AP METE W AN KONTAK AK KOMINOTE A**



Ajans pou Moun Andikape  
4030 Esplanade Way, Suite 380  
Tallahassee, FL 32399-0950  
1-866-APD CARES (1-866-273-2273)  
(850) 488-4257  
apdcare.org

Kenbe Avantaj pou  
Andikap Ou Yo  
Pandan W Ap Travay



## REVNI SEKIRITE SIPLEMANTÈ

Pou kapab kalifye pou ankourajman pou travay Revni Sekirite Siplemanntè (SSI) ak Asirans pou Andikap nan Sekirite Sosyal (SSDI) bay, Administrasyon Sekirite Sosyal dwe deside yon moun kalifye yon mwa anvan yo itilize ankourajman pou travay yo. Mande yon kopi Adult Disability Starter Kit nan [www.SSA.gov](http://www.SSA.gov) oswa rele nan 1-800-772-1213.

## PLANIFIKASYON AK ASISTANS POU ANKOURAJMAN POU TRAVAY (WIPA)

Gen senk (5) pwojè Planifikasyon ak Asistans pou Ankourajman pou Travay (WIPA) nan Florida. Pwojè WIPA yo bay travayè andikape k ap resevwa tou avantaj nan men Administrasyon Sekirite Sosyal yo èd gratis pou yo planifye fason pou yo jwenn avantaj yo. Chak pwojè genyen yon Kòdonatè Ankourajman pou Travay ki Sètifye (CWIC) Yon CWIC kapab bay enfòmasyon ki konsène travay ak jere avantaj pou moun yo ak moun ki sou kont yo. Medicare, Medicaid ak deklarasyon revni se sèlman kèk nan sijè ki kouran yo. Yo mete yon lis pwojè WIPA ki nan Florida ak nan ki konte yo sèvi.

## ANKOURAJMAN POU TRAVAY POU SEKIRITE SOSYAL

Ankourajman pou travay yo rann li posib pou moun ki andikape k ap resevwa SSI ak/oswa SSDI yo travay epi toujou ap resevwa kòb yo peye yo chak mwa ak Medicare oswa Medicaid. Ankourajman pou travay yo kap diferan selon peman yon moun ap resevwa. Si w pa fin konnen ki kalite peman w ap resevwa, yon CWIC kapab ede w. Kèk ankourajman pou travay ki enpòtan pou w konnen se:

**Depans Pou Travay Ki Gen Pou Wè Ak Andikap (IRWE)** se pri moun yo peye bagay oswa sèvis ki gen pou wè ak andikap yo a ki nesèsè pou yo travay. Men kèk egzanp ki ka genyen: aparèy ki pou ede, akonpayman pou jwenn travay (anndan l genyen sèvis suivi pou Sipò nan Travay avèk Sipò), sèvis oksilyè, transpò ak medikaman. Depans sa yo kapab redui kantite revni Sekirite Sosyal konte pa rapò ak avantaj SSDI oswa SSI yo, sa ki pèmèt moun yo fè epi kenbe plis revni.

**Re-entegrasyon Akselere** pèmèt moun yo jwenn chèk SSDI oswa chèk SSI menm si yo p ap travay ankò. Chèk SSDI oswa chèk SSI a kapab disponib pou jiska sis (6) mwa pandan Sekirite Sosyal ap deside si peman yo ta dwe depase sis (6) mwa.

**Pwoteksyon Medicaid San Rete—1619(b)** kapab kenbe avantaj Medicaid yo oswa renonsyasyon Medicaid la entak, menm si yon moun pa jwenn chèk SSI ankò akòz revni nan travay li. Moun yo dwe kowòdone avèk biwo Administrasyon Sekirite Sosyal lokal la pou asire yo dispozisyon sa a an vigè.

**Peryòd Esè Nan Travay (Trial Work Period, TWP)** pèmèt moun yo teste kapasite yo pou yo travay san yo pa pèdi avantaj SSDI yo.

**Règ Espesyal** yo egziste pou travayè ki pa wè byen yo kapab fè plis kòb anvan avantaj yo a afekte. Pou w jwenn plis enfòmasyon, mande bwochi Sekirite Sosyal ki rele If You Are Blind or Have Low Vision.